Evalyasyon Mwayen ak Bezwen NYCDOE

Yon Zouti pou Sipòte Timoun nan Konplètman nan Lekòl Vil Nouyòk Yo

NYC Department of Education

Sa l gen Ladan l

APÈSI 03

KESYON MOUN POZE SOUVAN 04

FAZ 1: PRATIK ESKOLÈ 06

FAZ 2: PLAN KOMINOTE A 19

FAZ 3: IDANTIFYE LAKIN KI GRAV ANPIL YO EPI METE MWAYEN YO AN VALÈ 32

FAZ 4: APLIKE OBJEKTIF SMART YO NAN CEP 33

PA OBLIGATWA: METE L NAN YON LÒT NIVO! 34

- Fèy Travay Pou Planifye Kolaborasyon 35
- Analize Fèy Travay Sit A&N nan 38
- Fèy Travay Pou Devlope Objektif SMART 40
- Fèy Travay Pèfòmans 42

Evalyasyon Mwayen & Bezwen yo (A&N) se yon zouti ki la pou ede lekòl ou a idantifye mwayen ak bezwen ki pa konble nan kominote lekòl la ak anviwon an. Itilizasyon yon apwòch ki konsantre sou kolaborasyon pèmèt timoun nan, fanmi l ak kominote l jwenn sipò.

Apèsi

Evalyasyon A&N nan ede lekòl Nouyòk yo:

- Idantifye mwayen ak bezwen nan lekòl la ak nan kominote a.
- Kreye yon envantè patnè potansyèl ak sa ki la deja yo nan alantou a.
- Met ansanm pou fikse objektif epi devlope yon plan pou atenn yo.
- Adapte ak estrateji Lekòl Kominotè a.

Evalyasyon sa gen kat faz ladan l:

1. Analiz Pwogram ak Sèvis Eskolè yo
2. Plan kominote a
3. Idantifye lakin ki grav anpil yo epi mete mwayen yo an valè
4. Aplike Objektif SMART yo nan Plan Edikasyon Konplè a

Kesyon Moun Poze Souvan

Kijan yon lekòl dwe kòmanse?

- Chwazi yon moun pou dirije pwosesis la epi angaje moun k ap patisipe yo. Gade Fèy Travay Pou Planifye Kolaborasyon an nan Paj 36 ki nan Apendis la.

Kiyès ki sipoze ranpli zouti anliy sa?

- Sansè
- Ekip Direksyon Lekòl la (sa gen ladan paran, pwofesè, anplwaye lekòl la, reprezantan sendika yo, ak elèv yo oswa manm kominote a.)
- Anplwaye Òganizasyon Kominotè (CBO: Community-Based Organization) ak patnè nan lekòl ou a.

Konbyen tan l ap pran?

- Evalyasyon konplè a ap pran an gwo sis èdtan pandan plizyè jou pou l fin fèt.
- Yon lekòl ka deside konplete yon pati alafwa pandan tout ane a.

Ki resous ou dwe gen sou men w?

- Rapò Sou Kalite Lekòl (http://bit.ly/SQGuide)
- Paj Akèy Pèfòmans Lekòl la (http://bit.ly/SchoolDash)
- Lòt envantè ak evalyasyon k ap ede w evalye lekòl ou a ak resous li ak sipò l yo.

Ki fason w dwe fè l?

- Rankontre yon gwoup pou w ranpli zouti a (kopi enprime oswa elektwonik) epi reponn kesyon ki baze sou akò.
- Epi idantifye yon "pwopriyetè" pou w mande yon lyen ankèt inik.
- Klike sou lyen sa a (https://bit.ly/AN_Survey)pou w mande yon lyen ankèt pèsonalize pou lekòl la. Y ap voye yon lyen ankèt pèsonalize pou pwopriyetè a.
- Lyen ankèt ou resevwa pa imel la se yon lyen inik e repons ou yo ap anrejistre toutpandan w ap ranpli l. Ou ka ranpli yon pati oswa plizyè pati yon sèl kou. Ou pa oblike ranpli tout ankèt la yon sèl kou.
- Nan fen ankèt la, klike sou "Submit". W ap resevwa yon imel ak Rapò Sit A&N lekòl la ki gen nòt ak rekòmandasyon yo.

Kijan pou w planifye apwòch ki baze sou kolaborasyon w lan?

- Chwazi yon moun ki pou dirije pwosesis A&N nan. Moun ou chwazi a pral:
    - Fasilite konvèsasyon yo epi planifye reyinyon yo pou nou ka konplete evalyasyon an.
    - Angaje patisipan yo nan pran desizyon ki baze sou done pou yo fikse objektif epi fè bidjè epi planifye desizyon yo.
- Gade zouti pou Planifye Kolaborasyon an nan Paj 36.

Asistans:
Fordham Community Schools Technical Assistance Center (CSTAC) se yon bon resous ki ka gide nenpòt lekòl nan Nouyòk ak SOuti Evalyasyon A&N nan ak pwosesis la.

Tanpri kontakte CSTAC pou plis sipò.

Enfòmasyon Kontak:

- Telefòn:(212) 636-6100
- Imel: cstac@fordham.edu

Faz 1: Pratik Eskolè

Evalye tout pratik ak sèvis ki disponib ki sou pye nan lekòl ou a. Itilize yon lis pou w ka wè nan ki pwen pratik yo ak sèvis yo sou pye ak nan ki pwen ou satisfè antanke lekòl kominotè ki gen pratik ak sèvis sa yo. Konplete faz sa a ak manm Ekip Direksyon Lekòl la ak lòt patisipan yo.

PATI YO

Seksyon sa gen uit (8) pati pou soutni reyisit elèv la nan tout sans li. Itilize lis sa a pou w chwazi epi suiv pati pou w konplete a (yo):

LIS PATI YO

☐ 1. Direksyon ak Pratik ki baze sou Kolaborasyon 07
☐ 2. Angajman Fanmi ak Kominote 08
☐ 3. Tan Aprantisaj Pwolonje 09
☐ 4. Sipò Pou Byennèt ak Akonpayman 10
☐ 5. Sipò Pou Kategori Moun Espesyal 12
☐ 6. Chak Elèv Chak Jou: Pratik Prezans 14
☐ 7. Moun K Ap Ankadre Pou Favorize Reyisit 16
☐ 8. Ris, Preparasyon, ak Sansibilizasyon sou Klima a 17

DIREKSYON SOU NIVO YO

Pou w reponn chak kesyon, patisipan A&N yo ap chwazi nan ki pwen pratik, pwogram, oswa règleman yo ann aplikasyon:

- **Ditou.** Pa gen pratik, pwogram, oswa règleman sou pye.
- **Tou piti.** Pratik, pwogram, oswa règleman yo sou pye, men yo pa toujou mete yo ann aplikasyon.
- **Nan yon nivo modere.** Pratik, pwogram, oswa règleman yo sou pye, e yo mete yo ann aplikasyon regilyèman.
- **Nan yon wo nivo.** Pratik, pwogram, oswa règleman konplètman ann aplikasyon nan lekòl la.

Zouti pou Maksimize Rezilta A&N ou yo
• Gid Pou Angajman Elèv yo(https://bit.ly/2WPaCce). Egzamine gid sa a pou w aprann fason elèv yo ka angaje yo totalman nan pwosesis evalyassyon sa a.

Direksyon ak Pratik ki baze sou Kolaborasyon

Pati sa a sipòte seksyon devlòpman yon estrikti direksyon ki baze sou kolaborasyon kote moun ki patisipe yo (egzanp, paran, anplwaye) travay ansanm pou mete sou pye epi aplike estrateji ki mache e ki amelyore kominote lekòl la. Gras a estrikti kowòdinasyon, ekip direksyon (yo) devlope patenarya ant sektè, mete an valè resous yo, epi mete elèv yo ak fanmi yo an kontak ak sipò ki disponib yo, tankou swen sante mantal.

Patisipan. Paran ki se lidè (egzanp, PTA/PA), elèv ki se lidè (egzanp, komite konsèy elèv, elèv ki se reprezantan gouvènman an), STL, Direktè Lekòl kominotè, Sipèvizè CBO, Direktè Pwogram ELT, Pwofesè lidè

Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 6.

Ekip Direksyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Ekip direksyon (yo) (egzanp, Ekip Direksyon Lekòl, Ekip Lekòl Kominotè, elt.) rankontre regilyèman. (sètadi , yon nivo modere. yon fwa pa mwa)	☐	☐	☐	☐
Ekip Direksyon yo gen divès reprezantasyon nan plizyè gwoup patisipan yo avèk yon aksan sou entegrasyon gwoup yo te toujou met deyò yo.	☐	☐	☐	☐
Elèv yo entegre nan yo wo nivo nan ekip direksyon lè yo sipòte kreyasyon ak revizyon règleman lekòl yo, pwogram yo ak pratik yo.	☐	☐	☐	☐
Estrateji Ki Baze Sou Kolaborasyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Reyinyon ekip direksyon an mete aksan sou egalite vwa pou patisipan yo sa gen ladan paran ak paran ki lidè yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la angaje l na pwogram amelyorasyon k ap kontinye (egzanp, fikse objektif ki baze sou done, suiv yon woutin pou kolekte ak analize done pou evalye pwogrè, epi adapte pwogram nan selon done).	☐	☐	☐	☐
Direksyon lekòl la ak lòt patnè ki enpòtan yo (egzanp , patnè DYCD, CBO yo, elt.) etabli wòl klè ak responsabilite nan rechèch objektif CEP.	☐	☐	☐	☐
*Direksyon lekòl la ak anplwaye CBO yo devlope ansanm yon bidjè Lekòl Kominotè.	☐	☐	☐	☐
*Direksyon lekòl la (egzanp , Sansè, Direktè Lekòl Komitè) planifye omwen twa reyinyon Planifikasyon pou Kolaborasyon chak ane.	☐	☐	☐	☐
*Sansè a ak CSD a reyini omwen kat fwa pa ane pou w pataje kòmantè epi adapte objektif yo ak atann yo pou wòl CSD la ak patenarya.	☐	☐	☐	☐

** Kesyon yo sèlman aplikab pou Lekòl Kominotè Nouyòk yo. Tanpri sote pati sa si lekòl ou a pa yon Lekòl Kominotè ki nan pòtfolyo NYCDOE Office of Community School (OCS) yo*

Angajman Fanmi ak Kominote

Lè lekòl, fanmi ak gwoup kominote travay ansanm pou sipòte aprantisaj, elèv gen tandans pou travay pi byen lekòl, pou yo rete lekòl pou plis tan, e pou yo renmen lekòl plis. Angajman fanmi ak kominote a fè yo santi yo alèz, konpetans ak konesans yo gen valè, e yo mete yo ann evidans antan ke moun k ap pran desizyon, kolaboratè, ak/oswa defansè ekperyans timoun nan nan domèn edikasyon. Itilize seksyon sa a pou w devlope patenarya ki klè e ki bay posibilite pou tout fanmi angaje yo nan kominote lekòl la.

Patisipan. PTA/PA, Kowòdonatè Paran yo, Kowòdonatè Aksè ak Lang, SLT, pwofesè yo, Direktè Lekòl Kominotè, Sipèvizè CBO

Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Eta Despri, Kwayans ak Anviwònman Lekòl la	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Anplwaye Lekòl la ak CBO a kwè tout fanmi vle sa k pi bon pou pitit yo.	☐	☐	☐	☐
Direksyon Fanmi	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Gwoup paran (egzanp, PTA/PA) gen objektif klè ak plan aksyon ki abòde divès kalite bezwen lekòl kominotè.	☐	☐	☐	☐
Direksyon Lekòl la byen kolabore ak fanmi yo pou asire yo fanmi yo gen patisipasyon nan gwo desizyon k ap pran yo.	☐	☐	☐	☐
Fanmi yo patisipe nan okazyon aprantisaj pou devlope konpetans yo selon enterè yo ak bezwen yo.	☐	☐	☐	☐
Angajman Fanmi ak Kominote	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la ak patisipan yo (sètadi, CBO yo) devlope epi kowòdone patenarya kominote yo pou reponn ak bezwen elèv yo ak fanmi yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la mande tout fanmi kòmantè (pa mwayen reyinyon, ankèt, elt.) pou yo gen avi ak direksyon pou pwogram ak règleman yo.	☐	☐	☐	☐

Tan aprantisaj pwolonje

Pou kreye opòtinite ki egal pou jèn yo ka itilize tout kapasite yo, lekòl Nouyòk yo bay Tan Aprantisaj Pwolonje (ELT: Expanded Learning Time) ki ranfòse oswa pwolonje aprantisaj tradisyonèl nan klas pwofesè NYCDOE ak/oswa patnè CBO yo bay. Anplis de pwogram aprè lekòl ak pwogram ete yo, ELT ka gen ladan ankadreman nan klas, aktivite rekreyasyon, pwogram vakans eskolè ak wikenn, estaj oswa lòt pwogram travay.

Patisipan. Anplwaye ELT yo, Direktè Pwogram CBO am Lidè Elèv yo, lidè paran yo, direktè lekòl kominotè, sipèvizè CBO, kowòdonatè/sipèvizè reyisit nan fakilte ak karyè, konseye pedagojik
Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Pwogramasyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Gen divès òf ELT sa gen ladan, anrichisman akademik, atizay, aktivite fizik, rechèch inivèsite ak karyè, sipò sante mantak ak soyal-emosyonèl.	☐	☐	☐	☐
Pwogram ELT a konekte ak aktivite lekòl yo, pwogram akademik, ak pwogram etid.	☐	☐	☐	☐
Administrasyon ak Òganizasyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Direktè pwogram ELT yo ak anplwaye yo patisipe nan reyinyon yo fè regilyèman ak direksyon lekòl la pou analize done yo epi kontinye amelyore pwogram nan.	☐	☐	☐	☐
Lekòl ak patnè CBO yo pa sispann siveye depans ki gen rapò ak sibvansyon yo epi modifye depans yo pou yo ka atenn objektif CEP yo.	☐	☐	☐	☐
Devlòpman Anplwaye ak Pwofesyonèl	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Anplwaye ELT yo gen posibilite pou yo atenn devlòpman pwofesyonèl.	☐	☐	☐	☐
Tout anplwaye ELT yo gen eksperyans apwopriye ak kalifikasyon.	☐	☐	☐	☐
Tout anplwaye ELT yo resevwa sipò regilye ak sipèvizyon an men yon sipèvizè.	☐	☐	☐	☐
Anplwaye lekòl la ak patnè yo pran angajman pou yo pa soutni fenomèn rasis la e yo gen zouti ki nesesè pou yo devlope ak bay pwogram aprantisaj pwolonje sou fenomèn rasis la.	☐	☐	☐	☐
Anviwònman, Klima ak Relasyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Elèv yo, aplwaye yo ak fanmi yo okouran de plan ak pwosesis sekirite yo.	☐	☐	☐	☐
Pwogram ELT yo reponn ak enterè ak bezwen elèv yo.	☐	☐	☐	☐

Sipò Pou Byennèt ak Akonpayman

Lekòl yo ka ede nan efò k ap fèt pou abòde baryè aprantisaj yo pamwayen inisyativ byennèt konplè ak patenarya ak ajans ki nan domèn sosyal ak sante yo ansanm ak founisè yo, ekip direksyon ant aktè yo kowòdone. Patenarya sa yo ede elèv yo ale lekòl regilyèman epi angaje yo nan aprantisaj pa mwayen dispozisyon pwogram tankou aprantisaj sosyal ak emosyonèl, fòmasyon sou fason pou rezoud konfli, entimidasyon, ak mezi disiplinè.

Patisipan. Komite sou byennèt, ekip repons kriz la. ekip swen kominotè a. direktè lekòl kominotè a, sipèvizè CBO, founisè CBO, Manadjè Sante Mantal, lekòl enfimyè, lidè paran yo, lidè elèv yo, konseye pedagojik yo

Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Administrasyon ak Òganizasyon	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Gen yon ekip nan lekòl la ki la pou dirije efò pou byennèt k ap fèt nan lekòl la. (egzanp, komite byennèt, ekip repons kriz, ekip swen kominotè).	☐	☐	☐	☐
Gen sèvis ak aktivite byennèt ansanm ak aktivite aprè lekòl ki disponib pou elèv yo ak fanmi yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl yo itilize estrateji pou evalye epi kontwole kalite pwogram ak sèvis patnè yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl yo itilie estrateji pou retire anpèchman elèv yo ak fanmi yo genyen pou gen aksè ak pwogram ak sèvis yo. (egzanp, pwosesis klè pou jenn referans pou klinik, lopital ak sèvis sosyal).	☐	☐	☐	☐
Sante ak byennèt	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la bay sèvis sante ak byennèt nivo 1 ak sipò pou tout kominote a (egzanp. atelye pou diminye prejije anvè tretman pwoblèm mantal, kou sou sante repwodiksyon ak seksyèl).	☐	☐	☐	☐
Lekòl la bay gwoup fanmi yo ak elèv yo entèvansyon sante ak byennèt nan nivo 2 pou yo ka evite faktè ris ki genyen nan devlòpman nan entansite, frekans, ak tan. (egzanp, ankadreman an gwoup, sèk reparasyon, fòmasyon sou fason pou leve timoun, fòmasyon sou konpetans)	☐	☐	☐	☐
Lekòl la bay elèv endividyèl ak fanmi yo soutyen ak/oswa resous sible nan nivo 3 pou yo ka abòde bezwen emosyonèl, nan domèn konpòtman, ak mantal yo idantifye. (egzanp, ankadreman endividyèl, referans sikyatri)	☐	☐	☐	☐
Lekòl la òganize evènman pou konsiltasyon je ak sèvis, ansanm ak sèvis pou dan.	☐	☐	☐	☐

Sèvis adilt ak fanmi	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la kowòdone ak patnè kominote yo pou yo ofri pwogram ak sipò ki baze sou bezwen fanmi yo. (egzanp, asistans lojman, sèvis imigrasyon, asistans legal, fòmasyon pou travay, kou nan lekòl pou moun ki majè, elt.)	☐	☐	☐	☐
Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl gen plan pou l entegre pwogram SEL yo ak aktivite yo pandan tout jounen lekòl la ak après lekòl.	☐	☐	☐	☐

Sipò Pou Kategori Moun Espesyal Yo

Itilize yon apwòch ki baze sou done pou asire nou elèv yo ak fanmi yo jwenn sèvis apwopriye yo nan bon moman. Chak lekòl gen yon kategori elèv ki inik ki bezwen sipò ki fèt espesyalman pou yo pou konble bezwen yo epi asire nou gen yon aksè egal ak opòtinite edikasyon yo. Gras ak itilizasyon done, lekòl yo anmezi pou yo idantifye epi byen konekte ak elèv ak fanmi ki bezwen sipò adisyonèl yo yon fason ki efikas. Koneksyon sa a pèmèt yon lekòl pou l konprann baryè posib ki ka genyen ki anpeche timoun nan al lekòl epi idantifye solisyon ki mache pou elèv la ak fanmi a.

Patisipan. Lyezon eskolè STH, ekip prezans la, kowodonatè prezans lan, direktè lekòl kominotè a, sipèvizè CBO a, Kowodonatè Aksè ak Lang lan, konseye pedagojik, Travayè Sosyal yo

Enstriksyon. Èske lekòl ou a itilize done pou idantifye epi devlope entèvansyon sible pou sipòte kategori moun sa yo?

Popilasyon	Wi	Non
Elèv ki nan abri pwovizwa ki double.	☐	☐
Elèv ki nan abri pwovizwa k ap viv nan abri.	☐	☐
Elèv ak fanmi k ap viv nan abri pou moun ki sibi vyolans konjigal.	☐	☐
Fanmi akèy/elèv ki anba pwoteksyon pou timoun ak fanmi yo.	☐	☐
Elèv k ap aprann plizyè Lang.	☐	☐
Fanmi ki fè k vin rete nan yon peyi.	☐	☐
Elèv ki gen andikap.	☐	☐
Elèv ki anba gwo danje pou yo ta viktim trafik moun (sèks ak travay).	☐	☐

Enstriksyon. Pou chak kesyon, chwazi kare ki koresponn ak ki nivo sipò a an vigè. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Sipò	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la gen yon sistèm referans pou pran elèv ki double ak fanmi yo nan lojman ak lòt sèvis enpòtan yo bezwen (Sèvis pou evite yo mete yo deyò/sipò).	☐	☐	☐	☐
Lekòl la sipòte Elèv Ki Nan Abri Pwovizwa (Students in Temporary Housing, STH) lè yo konekte ak anplwaye ki sou plas nan abri yo (sètadi, asistan fanmi yo).	☐	☐	☐	☐
Lyezon STH ki nan lekòl la (School Based Liaison, SBL) dirije sipò pou kategori moun ki fè pati STH nan lekòl la.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la bay ankadreman selon tromatis timoun nan ak fanmi yo te sibi nan abri ki gen vyolans domestik.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la ofri referans ak suivi ak òganizasyon tankou 'Safe-Horizons'.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la bay sipò oswa met ansanm ak òganizasyon pou sipòte elèv ak fanmi ki gen dosye nan tribinal.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la travay ak Substance Abuse Prevention and Intervention Specialists (SAPIS) oswa bay referans pou founisè Clinical Screening and Assessment Services (CASAC) yo pou tretman.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la sipòte fanmi akèy/elèv ki anba pwoteksyon pou timoun ak fanmi pa mwayen relasyon l ak ACS epi bay elèv yo ankadreman oswa lòt sipò.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la sipòte elèv ki nan kominote LGBTQIA+ yo epi yo gen pwogram Alyans Seksyalite (GSA, Gender Sexuality Alliance) yo oswa lòt gwoup elèv nan kominote LGBTQIA+ yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la sipòte Fanmi ki fè k vin rete nan yon peyi yo pa mwayen koneksyon l ak MOIA (Mayor's Office of Immigrant Affairs) ak lòt referans ki bay lòt sipò oswa sèvis legal.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la sipòte elèv ki gen andikap yo lè l ba yo referans ak suivi pou sèvis sante mantal ki nan kominote a.	☐	☐	☐	☐
Elèv yo ak fanmi yo gen aksè ak machin pou lave ak pou seche ki nan lekòl la.	☐	☐	☐	☐
Yon ekip ki gen pwofesyonèl pou sipò sante konpòtman rankontre regilyèman pou pran desizyon sou bay elèv ki gen bezwen Aprantisaj Sosyal Emosyonèl ak Sou Konpòtman (SEL, Social Emotional and Behavioral Learning) sipò.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la fòme tout anplwaye ki kotwaye elèv ki nan prevansyon, idantifikasyon, ak entèvansyon trafik moun pou sipòte elèv yo ak fanmi yo ki se yon viktim oswa yo nan pozisyon pou sa ta rive yo.	☐	☐	☐	☐

Chak Elèv, Chak Jou: Pratik Prezans

An gwo youn sou senk elèv nan Vil Nouyòk gen absans kwonik. Yon elèv ki gen absans kwonik se yon elèv ki rate 10% nan jou lekòl pandan ane a oswa plis ke sa. Elèv rate jou lekòl pou plizyè rezon. Lekòl yo retire tout baryè ki ka anpeche prezans nan lekòl la chak jou lè yo devlope epi mete sou pye estrateji amelyorasyon, e sa ede nan amelyorasyon rezilta yo. Klike sou lyen sa epi l ap voye w dirèkteman sou paj ankèt la: https://bit.ly/AN_ESED

Patisipan. Pwofesè Prezans B/CO a, Ekip Prezans la, Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo, Kowòdonatè Prezans yo chwazi a, Lyezon STH ki nan lekòl la, Direktè Lekòl Kominotè a, Lidè pwofesè yo, Konseye Pedagojik yo, Travayè Sosyal yo

Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Ekip prezans la	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Sansè a fè yon Reyinyon Ekip Pou Pale de Prezans epi rankontre chak semèn ak patisipan prensipal yo pou egzamine tandans yo ak fenomèn absans kwonis la.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la itilize Insight oswa yon lòt zouti jesyon done pou analize tandans yo nan tout lekòl la ak prezans endividyèl, sa gen ladan l ti gwoup.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la idantifye elèv ki bezwen entèvansyon pou retire baryè ki anpeche yo al lekòl.	☐	☐	☐	☐
Sistèm ak Pratik	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la bay mizajou epi pataje règleman sou prezans li yo avèk kominote lekòl la chak ane	☐	☐	☐	☐
Sipò Pèsonalize	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la mete sou pye yon Pwogram Ankadreman Pou Favorize Reyisit kote moun ki majè ki gen sousi pou moun ankadre elèv ki gen absans kwonik yo ak elèv ki nan abri pwovizwa.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la mete ann evidans Prezans Pwofesè a pou yo ka mennen kanpay sansibilizasyon pou elèv ki gen yon to prezans ki pi piti pase 50%, lè sa apwopriye.	☐	☐	☐	☐

Kolaboratè Nan Kominote a	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la fè konnen enpòtans prezans genyen pou siksè alavni.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la konekte fanmi yo ak patnè kominotè yo, sa gen ladan Asistan Fanmi yo ak abri lokal yo, pou pote sipò yo epi retire baryè ki anpeche prezans yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la fè Fwa Patenarya pandan uit premye semèn lekòl yo epi envite patnè lokal yo pou yo patisipe epi pataje enfòmasyon ak fanmi yo.	☐	☐	☐	☐

Moun K Ap Ankadre Pou Favorize Reyisit

Elèv yo aprann pi byen lè granmoun yo konnen yo, fè yo santi yo an sekirite, fè yo pran aprantisaj yo an me, epi ede yo travay ansanm yon fason k ap ede yo konstwi epi vin pwodiktif. Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo se estrateji prensipal ki sipòte amelyorasyon prezans kote granmoun ki nan kominote a, òganizasyon sèvis nasyonal yo, oswa anplwaye lekòl la bay sipò endividyèl epi ede elèv yo santi yo konekte.

Patisipan. Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo, Kowòdonatè Prezans lan, Pwofesè Prezans lan, Direktè Lekòl Kominotè a, Sipèvizè CBO a, Konseye Pedagojik yo, Travayè Sosyal yo

Enstriksyon. Sote pati sa a si lekòl la pa gen yo pwogram moun k ap ankadre pou favorize reyisit. Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Pou Kòmanse	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la defini objektif ak fason l ap mete ann aplikasyon pwogram moun k ap ankadre pou favorize reyisit la.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la idantifye lidè moun k ap ankadre pou favorize reyisit ki pral òganize ak kowòdone pwogram nan.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la lanse pwogram moun k ap ankadre pou favorize reyisit la epi li anboche anplwaye lekòl la, anplwaye CBO, patnè kominotè yo, ak lòt moun pou ankadre elèv ki gen absans kwonik yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la itilize ATS, New Vision oswa Insight pou mete moun k ap ankadre yo ak moun y ap bay ankadreman an yo. Y ap bay elèv ki gen absans kwonik yo priyorite.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la anonse pwogram nan e l ankouraje elèv yo ak fanmi yo pou yo angaje yo ladan l.	☐	☐	☐	☐
Kreye epi Kenbe Yon Abitid Pou bay Ankadreman	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la itilize zouti pou prepare moun k ap bay ankadreman yo e l ankouraje yo pou yo patisipe nan konferans ki fèt pou Moun k Ap Ankadre Pou Favorize Reyisit	☐	☐	☐	☐
Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo reyini de fwa pa semèn e yo itilize ajennda, pwotokòl ankèt ak Gid Pou Kontinye Amelyorasyon an pou yon ka jwenn meyè rezilta	☐	☐	☐	☐
Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo kolabore pou rezoud pwoblèm yo epi idantifye solisyon grasa yon abitid pou koute ak aprann nan men youn lòt nan objektif pou pi byen sipòte elèv yo.	☐	☐	☐	☐
Moun k ap ankadre pou favorize reyisit yo gen estrateji pou selebre siksè pou amelyorasyon nan prezans moun y ap bay ankadreman yo.	☐	☐	☐	☐

Ris, Preparayson Ak Sansibilizasyon Sou Klima

Pati sa a pral ede lekòl la wè nan ki pwen kominote a prepare pou ris klima a reprezante e nan ki pwen sansibilizasyon an atenn yo. Klike sou lyen sa epi l ap voye w dirèkteman sou paj ankèt la: https://bit.ly/AN_Climate

Patisipan. Elèv, Paran, Patnè Kominotè, Direktè Lekòl Kominotè, Sipèvizè CBO, Pwofesè SLT, Direksyon Lekòl

Enstriksyon. Enstriksyon. Pou chak kesyon chwazi kare ki koresponn ak nivo règleman, pwogram, oswa pratik ki sou pye yo. Pou definisyon echèl la, tanpri gade paj 8.

Efò Eskolè	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Lekòl la idantifye yon kowòdonatè dirab ki okouran de gwo efè lèzòm genyen sou chajman kliman a ak kominote a.	☐	☐	☐	☐
Yo enfòme kominote lekòl la konsènan posibiliteki egziste pou nou viv katastwòf natirèl akoz tanperati/klima a ki pa sispann sibi domaj	☐	☐	☐	☐
Lekòl la fè pati de yon inisyativ vil la oswa katye a ap dirije pou ogmante konesans nou sou chanjman klima a ak rezilyans klimatik.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la fòme fanmi sou fason pou yo prepare yon Valiz Ijans pou si ta gen yon katastwòf natirèl epi mete bagay ladan l tankou manje ki pa p gate, boutèy dlo, flach, pil, ak medikaman ki nesesè, ak pyès idantite.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la okouran de pwojè rezilyans ki ap òganize anndan kominote a.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la travay ak gwoup ki nan kominote yo pou mete sou pye pwojè sou klima ki mande pou fè aksyon ki koresponn ak bezwen kominote a genyen yo.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la mete yon fon apa pou sipòte inisyativ dirab nan lekòl la ak nan kominote a.	☐	☐	☐	☐
Lekòl la patisipe e l sipòte pwojè sèvis kominotè yo (tankou netwayaj plaj ak kote ki gen pyebwa yo, volontarya nan lekòl ak sant kominotè yo, ak kote y ap bay manje yo).	☐	☐	☐	☐

*Nou te devlope pati sa an kolaborasyon ak Wildlife Federation and their Resilient Schools Consortium (RiSC) Gwoup Jèn Anbasadè Rezilyans.

Si kominote lekòl ou a te fè fas ak yonkatastwòf natirèl ki fè pati nenpòt nan kategori ki vin annapre yo, nan ki pwen evènman sa te afekte kominote a?	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Ouragan	☐	☐	☐	☐
Tònad	☐	☐	☐	☐
Tanpèt nèj	☐	☐	☐	☐
Loray ki vyolan (ki sòti nan zòn nòdès)	☐	☐	☐	☐
Inondasyon	☐	☐	☐	☐
Gwo chalè	☐	☐	☐	☐
Blakawout	☐	☐	☐	☐

Faz 2: Plan kominote a

Konstwi ak konsève patenarya ki gen nan kominote yo ap ede lekòl yo pou yo gen sa yo bezwen pou yo konble bezwen elèv yo. Pati sa a nan A&N nan ede ou menm ak lekòl ou a analize sèvis ak mwayen ki gen nan kominote a, idantifye relasyon ak sèvis ki sou pye yo, epi konprann sa k ap mache byen ak sa ki pap mache twò byen. Angaje SL a, paran yo, elèv yo, patnè nan kominote a, ak anplwaye lekòl yo nan faz sa a.

PATI YO

Plan kominote a gen sèt (7) pati ki se:

- Sèvis ki disponib nan kominote a.
- Sèvis lekòl la fè patenarya avè yo a.
- Nan ki pwen chak patisipan satisfè ak chak patenarya.

LIS PATI YO

☐ 1. Sèvis pou timoun ak jèn 21

☐ 2. Sante ak byennèt 23

☐ 3. Aktivite, Resous ak Sèvis, nan Kominote a 25

☐ 4. Sèvis Pou Fanmi 27

☐ 5. Edikasyon ak Sèvis pou Granmoun 28

☐ 6. Lojman 29

☐ 7. Faktè Ris Potansyèl 30

EKSPLIKASYON

Chak Pati Sèvis Ki nan Kominote a divize an twa kesyon.

- **Disponibilite Sèvis Yo.** Idantifye ki sèvis ki egziste nan kominote a. Defini limit kominote a kòmanse sou zip kòd lekòl la epi elaji kad la toutpandan relasyon yo ap konstwi e y ap idantifye bezwen yo.

  Pou chak sèvis, pale ak patisipan yo pou w konprann nan ki pwen sèvis la aksesib. Titilize zouti tankou Google Maps oswa HelpLink.NYC pou w ka gen yon ide jeneral. Si gen òganizasyon nan kominote a, anrejistre yo nan yon envantè patnè. Si w pa abitye ak yon sèvis, chèche definisyon an nan*Glosè A&N ki Bay Definisyon Sèvis yo* (bit.ly/2VlPQ3n).

- **Idantifye patenarya ki deja egziste yo.** Idantifye ak ki sèvis lekòl la gentan gen yon relasyon. Pou chak sèvis ki mansyone pi ba a, konekte ak patisipan yo, direksyon lekòl la, founisè sèvis yo, manm kominote a, paran yo, ak elèv yo pou w ka konnen si gen yon patenarya fòmèl ki deja an vigè.

- **Satisfaksyon Patenarya.** Konprann nan ki pwen lekòl ou a satisfè ak patenarya a. Konekte ak elèv ak fanmi ki itilize sèvis la, ansanm ak lekòl oswa manm kominote ki jere oswa sipòte relasyon yo pou w ka wè si sèvis la konble bezwen elèv yo ak kominote yo.

Zouti pou Maksimize Rezilta A&N ou yo
• Envantè Patenarya (bit.ly/3rOfFow). Ouvri epi telechaje dokiman sa a pou w ka anrejistre patnè potansyèl ak sa ki deja egziste yo toutpandan w ap ranpli chak seksyon. • Glosè ki defini Kategori Sèvis yo (bit.ly/2VlPQ3n). Itilize glosè sa a pou w aprann plis sou chak tip sèvis. Nimewo paj pou deskripsyon sèvis la mansyone ak kesyon ki disponib pou chak kategori sèvis.

Sèvis pou Timoun ak Jèn

Sèvis pou Timoun ak Jèn bay posibilite ak sipò pou jèn moun nan divès domèn. Sèvis sa yo ka gen ladan yo pwogram travay, pwogram ankadreman, pwogram ansèyman andyò lekòl la, pwogram pou prepasyon inivèsite ak karyè, ak swen aprè lekòl. Fè patenarya ak òganizasyon sèvis pou timoun ak jèn epi adapte objektif ak resous yo pou sipòte tout elèv yo.

1. **Disponibilite.** Nan ki pwen sèvis ki vin annapre yo disponib e aksesib pou elèv yo ak fanmi yo ki nan kominote a?

- Pa Obligatwa: Pou fè yon envantè patnè, anrejistre chak sèvis (bit.ly/3rOfFow).
- Referans paj 1-2 nan glosè a (bit.ly/2VlPQ3n) pou w aprann plis sou chak sèvis.

Domèn Sèvis	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Sant Swen Timoun	☐	☐	☐	☐
Lokal Pre-K	☐	☐	☐	☐
Pwogram Tan Andeyò lekòl	☐	☐	☐	☐
Sèvis Travay Pou Jèn	☐	☐	☐	☐
Pwogram Ankadreman Pou Jèn	☐	☐	☐	☐
Pwogram Preparasyon pou Inivèsite ak Karyè	☐	☐	☐	☐
Sipò Pou Jèn Ki Gen Dosye Nan Tribinal	☐	☐	☐	☐
*Lòt	☐	☐	☐	☐

** Pou w antre yon sèvis nan fòma elektwonik nan "Lòt", klike sou tèks la epi tape sèvis ou vle ajoute a.*

2. Patenarya. Èske lekòl la gen yon patenarya ak sèvis sa a?

3. Satisfaksyon Sèvis. Nan ki pwen ou satisfè ak patenarya ou genyen ak sèvis sa a?

Domèn Sèvis	**Wi**	**Non**	Ditou	Tou Piti	Nan Yon Nivo Modere	Nan yon wo nivo
Sant Swen Timoun	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Lokal Pre-K	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Pwogram Tan Andeyò lekòl	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Sèvis Travay Pou Jèn	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Pwogram Ankadreman Pou Jèn	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Pwogram Preparasyon pou Inivèsite ak Karyè	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Sipò Pou Jèn Ki Gen Dosye Nan Tribinal	☐	☐	☐	☐	☐	☐
*Lòt	☐	☐	☐	☐	☐	☐

